

Ti Konsèy pou redui posiblité ekspozisyon a plon

Nan Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade (WASD), pwoteje sante piblik ak asire sekirite kominote nou an se pi gran priyorite no. Nou vle asire kliyan yo ke Konte Miami-Dade kontwole chimik dlo lè nou ajoute yon ielemen blokaj kowozyon pou asire nivo plon yo rete lwen anba limit regilasyon federal la lè dlo a kite etablisman tretman nou an. Nou pran angajman pou asire sante ak byennèt kominote nou an epi nou ap travay nan tèt kole ak rezidan ki te idantifye plon nan liy sèvis yo pou nou pran mezi pou asire dlo ou rete san danje.

Revizyon Règleman Plon ak Kuiv Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (EPA) etabli paramèt espesifik pou siveyans, analiz, ak deklarasyon pou abòde danje pou sante akòz ekspozisyon a plon nan dlo potab. Amelyorasyon Règleman Plon ak Kuiv yo (LCRI) ranfòse règleman sa yo plis toujou. Pou Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade konfòme l avèk LCRR la ak LCRI a, li te devlope yon envantè materyo liy sèvis, e li kontinye ap rafine envantè sa a.

Sous dlo potab yo pa natirèlman gen plon an jeneral. Okontrè, se sèten kalite materyèl plonbri ki pote dlo potab nan kay ak nan biznis, ki kapab depoze plon nan dlo a. Pami materyèl plonbri sa yo genyen ansyen liy sèvis, wobinè ak lòt objè. Posiblité ki genyen pou jwenn liy sèvis ki fèt an plon nan sistèm distribisyon dlo nou an piti. Konte Miami-Dade te entèdi itilizasyon plon nan fabrikasyon tiyo dlo an 1976, yon deseni anvan yo te ajoute yon entèdiksyon nasyonal nan Lwa pou Sekirite Dlo Potab la. Moun ka jwenn rapò chak ane sou kalite dlo a sou [sit entènèt WASD](#) a.

Pi ba a, nou rekòmande etap ou ka pran si w gen enkyetid sou plon nan dlo potab. Sa a pa yon lis konplè ni li pa vle di ke tout aksyon ap egalman diminye plon nan dlo potab.



Fè dlo koule pou degaje tiyo dlo yo. Si yon wobinè pa te sèvi pou plizyè èdtan, fè dlo a koule pou plizyè minit anvan w itilize l pou bwè oswa pou fè manje. Pou w evite gaspiye dlo, konsève dlo ou te fè koule a epi re-itilize l pou irigasyon, pou netwayaj, eksetera.



Netwaye ayeratè yo. Ayeratè ak/oswa tuil nan wobinè yo ta dwe netwaye tanzantan (chak 3 a 6 mwa) e pi souvan si yo te fè yon ranplasman liy sèvis (chak mwa pandan sis mwa). Ou dwe ranplase ayeratè yo si yo andomaje oswa si yo abime.



Itilize dlo frèt sèlman pou fè manje, pou bwè ak pou prepare fòmila tibebe. Si dlo cho nesèsè, pran dlo frèt apre w fin fè dlo a koule epi chofe li. Bouyi dlo pa redui plon oswa li pa retire plon.



Idantifye aparèy plonbri ki gen plon epi ranplase yo. Wobinè, rakò ak vàn ki fèt an leton, ni sa reklam di yo “san plon” yo tou, ka kontribye a plon ki nan dlo potab. Règlemantasyon aktyèl yo te etabli yon konsantrasyon maksimòm an plon ki 0.25 pousan pou aparèy dlo potab. Vizite sit entènèt NSF la nan www.nsf.org pou w aprann plis konsènan aparèy plonbri ki gen plon.



Filtre dlo ou. Pou bwè, pou fè manje ak pou fòmila tibebe, itilize dlo ki pase nan yon filtè. Yon Enstiti Estanda Nasyonal Ameriken dwe sètifye filtè yo, tankou NSF 53 pou eliminasyon plon ak NSF 42 pou eliminasyon patikil. Fè antretyen filtè aparèy yo epi ranplase yo dapre enstriksyon fabrikasyon an pou pwoteje kalite dlo a.



Fè yo teste dlo ou. Kontakte Sant Sèvis Kliyantèl inisyativ Konnen Tiyo Dlo ou) nan 786-268-6955 oswa imel nou nan knowyourpipes@miamidade.gov pou w chèche konnen ki jan pou w fè teste dlo ou.

Pou plis enfòmasyon sou rediksyon posiblité pou w ekspozè a plon, ak enfòmasyon sou efè plon genyen sou sante, vizite sit entènèt EPA nan www.epa.gov/lead, oswa kontakte founisè swen sante ou.